



Pou Piblikasyon Imedya: 10/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE EVÈNMAN ESPÒTIF AK AMIZMAN NAN GWO ESTAD AK ARÈN YO KAPAB RE-OUVRI AVÈK ESPEKTATÈ LIMITE APATI 23 FEVRIYE**

*Yo pèmèt evènman yo re-ouvri nan arèn ak estad ki gen yon kapasite 10,000 moun oswa plis yo*

*Nan itilize pwogram pilòt Buffalo Bills la tankou yon modèl, yo pral egzije etablisman yo swiv direktiv operasyonèl similè pou kapab re-ouvri*

*Yo deja apwouve Barclays Center a pou re-ouvri nan dat 23 fevriye pou match adomisil Brooklyn Nets kont Sacramento Kings lan*

*Siksè inisyativ sa a pral ede bay enfòmasyon sou re-ouvèti sit ki pi piti yo alavni*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke, sou baz pwogram pilòt reyisi Buffalo Bills la, evènman espòtif ak amizman yo nan gwo estad yo ak arèn yo ki gen yon kapasite 10,000 oswa plis moun kapab re-ouvri avèk yon kantite espektatè limite apati 23 fevriye. Dapre modèl ki etabli nan kad pwogram pilòt reyisi Buffalo Bills la, sit ak evènman yo dwe respekte enstriksyon similè yo, gen ladan apwobasyon Depatman Sante (Department of Health, DOH) a pou sit ak evènman yo, limit kapasite, egzijans pou tès, kouvèti figi obligatwa, verifikasyon tanperati, ak kote pou moun chita ki asiyen epi respekte distans sosyal.

Travay Depatman Sante a pou enspekte sit ki kalifye yo nan tout Eta a deja ankou, epi gras ak travay sa a, yo te apwouve Barclays Center a pou re-ouvri nan dat 23 fevriye pou match adomisil Brooklyn Nets kont Sacramento Kings lan. Siksè sila a, ak evènman similè sou sit ki apwouve yo nan semèn k ap vini yo pral ede bay enfòmasyon sou pwosesis re-ouvèti a pou sit ki pi piti yo alavni.

"Pandan nou kontinye batay kont COVID la sou plizyè aspè, nou dwe tou pèmèt ekonomi an re-ouvri yon fason entèlijan ak yon fason ki ekilibre", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Espò ak amizman an dirèk yo te depi lontan ankre nan estrikti New York epi enkapasite pou reyalize evènman te sèlman ajoute nan izòlman nou tout te santi fas ak viris sa a. Erezman, pwogram pilòt nou pou re-ouvri match Buffalo Bills la pou fanatik yo se te yon siksè san parèy epi kounye a n ap pran modèl sa a epi elaji li nan lòt gwo sit atravè Eta a non sèlman pou revigore ekonomi lokal yo, men tou ede tounen pote kèk amizman ak lajwa nan lavi moun an tout sekirite."

Espesyalman, pou kapab re-ouvri sit yo pou espò pwofesyonèl yo, sit yo dwe:

- Jwenn apwobasyon DOH ni pou sit ak evènman yo
- Etabli yon limit kapasite 10 pousan nan arèn ak estad yo.
- Asire tout pèsonèl ak espektatè yo resevwa yon tès PCR COVID-19 negatif nan entèval 72 èdtan ak evènman an
- Òdone kouvèti pou figi, distans sosyal ak verifikasyon tanperati pou tout sila yo ki ap patisipe
- Òdone kote pou moun chita ki asiye epi ki respekte distans sosyal
- Kolekte enfòmasyon kontak nan men tout sila yo ki ap patisipe pou ede bay enfòmasyon pou efò trasaj kontak yo
- Satisfè nòm amelyore yo pou filtrasyon lè, vantilasyon ak pirifikasyon
- Asire vant an detay, sèvis alimantè ak aktivite atletik yo respekte tout direktiv Eta a pibliye

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)